

# Curley K-8 School



## Manyèl enfòmasyon pou Fanmi 2021-2022

Upper School  
493 Centre Street  
617-635-8176

Lower School  
40 Pershing Road  
617-635-8239

[Sit entènèt lekòl Curley K-8 School](http://www.curleyk8.com) - [www.curleyk8.com](http://www.curleyk8.com)

9 septanm 2021

Chè Paran/Gadyen,

Byenveni nan Curley K-8 School ! Mwenmenm ak manm pèsonèl Curley yo kontan anpil dèske ou fè pati kominote lekòl nou an. Jan li endike nan deklarasyon vizyon nou an, *“Nan Curley K-8 School, nou sousye de tèt nou, nou sousye youn pou lòt e nou sousye pou kominote nou. Grasa travay an ekip, itilizasyon done, pratik ansèyman angajan, ak sipò kominotè, elèv nou yo ap reyalize siksè akademik e sosyal.”*

Paj ki nan liv enfòmasyon sa a chaje avèk enfòmasyon enpòtan konsènan règleman ak pwosedi lekòl la. Paran yo ak elèv yo dwe egzamine kontni a ansanm. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte biwo lekòl la (nan nimewo telefòn 617-635-8239 oswa 617-635-8176). Nou gen konviksyon ke kominikasyon onèt e klè enpòtan pou siksè pwogram edikasyonèl nou an. Paran lekòl Curley yo se patnè nou nan travay trèzenpòtan n ap fè an favè edikasyon timoun yo nan kominote nou an.

Premye jou lekòl la, pwofesè pitit ou a ap voye lakay ou kèk dokiman trèzenpòtan nan yon dosye kominikasyon ke ou dwe egzamine ak pitit ou a, siyen epi voye tounen dèke posib. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite kontakte lekòl la.

Sensè salitasyon,

Katie Grassa  
Direktris

## Curley K-8 School **Kòd Konduit**

Ane sa a pwofesè nou yo pral kontinye aplike sipò konpòtman pozitif inivèsèl la (PBIS) pou asire ke tout elèv yo resevwa ansèyman klè e konstan sou prensip fondamantal nou yo pandan tout jounen skolè a ak chak ane, nan lekòl Curley. Nou kwè atoutfòs ke ansèyman toutaklè sou konpetans sosyal emosyonèl se yon pati trèzenpòtan nan eksperyans aprantisaj elèv yo nan chak nivo klas. Nou genyen twa atant komen nou anseye elèv yo :



Paran/gadyen ki ale nan sal de klas timoun yo dwe tache yon lesepase vizitè sou yo.

**Lage lekòl :** Elèv yo ap lage a 3:10 nan laprèmidi. **Pèsòn pa dwe vin pran elèv yo anvan lè sa a amwenske yo gen yon randevou medikal oswa ijans nan fanmi yo.** Paran yo dwe tann jiskaske lekòl lage pou rankontre timoun yo deyò pòt devan an. Nan ra okazyon kote genyen yon ijans fanmi oswa randevou medikal ki ka koz elèv la lage bonè, fanmi yo *dwe siyen nan biwo direksyon an anvan pou yo ka pran pitit yo.* Si li nesèsè pou yon timoun kite lekòl avèk yon lòt moun ki pa paran an/gadyen legal pwòch la, li dwe gen otorizasyon alekri epi li dwe montre pyès idantite ki gen foto l ladan l nan moman li vin pran timoun nan. Nòt la dwe gen ladan l lè a, rezon ki fè y ap pran timoun lan, ak nimewo telefòn nou ka itilize pou n kontakte paran an/gadyen legal la. **Tout timoun k ap lage pi bonè dwe pase pa biwo a pou rezon sekirite. Tanpri note ke : nou pa kapab voye yon timoun lakay li avèk yon moun ki pa ko gen 18 an.**

**Kote elèv yo ap lage :**

Klas K0/K1 : Timoun k ap mache yo dwe rankontre nan lakou a devan sal de klas K1 yo ki bay sou ri Pershing Road.

Klas K2 ak klas 1ye ane : Timoun k ap mache yo dwe rankontre nan pòt sou kote a, bò teren rekreyasyon an ki bay sou ri Pershing Road.

Klas 2yèm ak 3yèm ane : Nou lage timoun k ap mache yo nan antre prensipal la ki bay sou ri Centre Street.

Klas 4yèm jiska 8yèm ane : Nou lage timoun k ap mache yo nan antre prensipal la ki bay sou ri Centre Street.

Frè ak sè k ap mache : Si ou gen yon elèv ki nan klas 2yèm jiska 3yèm ane ak yon elèv nan klas K1 jiska klas 1ye ane, tanpri fè pwofesè yo konnen sa nan kòmansman ane a, epi yon pwofesè kapab rankontre avèk elèv ki pi gran an epi lage l avèk frè ak sè k ap mache yo, sou ri Pershing Road.

**Absans ak Reta :** Yon bon prezans enpòtan anpil pou yon elèv reyisi lekòl. Nou atann pou tout elèv prezan regilyèman, sof nan ka maladi ak sikonstans

**Orè Lekòl la :** Orè nou pou lekòl la pou ane skolè 2021-2022 a se 8:15 dimaten jiska 3:10 nan laprèmidi, pou tout elèv. Tout elèv dwe nan lekòl la tou pare pou yo aprann a 8:30 dimaten oplita. N ap aplike règleman sa a nan fason estrik.

**Preparasyon pou Lekòl :** Lè elèv yo ap vin lekòl chak jou, tanpri asire ke yo gen tout sa y ap bezwen pou jounen yo lekòl la: valiz lekòl, liv, devwa, papye siyen, elatriye. Tanpri, pa kite timoun ou an pote jwèt pèsònèl oswa aparèy elektwonik nan lekòl la. Tout bagay pèsònèl yo dwe make aklè avèk non timoun ou an sou li. Si yo bliye manje midi, liv, lajan, elatriye, tanpri pote yo nan biwo a pou evite deranje klas yo.

**Premye jou lekòl pou jadendanfan :** Depoze elèv ou a lekòl la pou premye jou rantrè lekòl la kapab yon moman ki gen anpil estrès ak emosyon pou elèv yo ak fanmi yo. Pwofesè jadendanfan K0, K1 & K2 ap nan lakou deyò a sou ri Pershing Road la devan sal de klas K1 yo pou rankontre elèv yo pou premye semèn lekòl la.

**Arive :** Timoun ki mache pou vin lekòl, oswa ke paran yo mennen lekòl, dwe rive nan lakou lekòl la apati 8:15 dimaten. Y ap siveye timoun nan bilding lan apati 8:15. **Sizoka elèv yo rive anvan 8:15, yo dwe ale nan pwogram anvan jounen lekòl la.** Règleman sa a anplas pou asire sekirite pitit ou yo. Yo dwe depoze elèv ki rive anvan lekòl (ant 7:00 e 8:15 dimaten) nan antre CASP la ki bay sou ri Centre St. Depi yon elèv antre nan lakou lekòl la, nou p ap pèmèt li ale. Paran ki ta renmen rankontre avèk pwofesè pitit yo oswa pale ak pitit yo pandan jounen lekòl la, DWE genyen yon randevou dabò, lèfini yo dwe anrejistre nan biwo prensipal la anvan.

espesyal, epi nou pral itilize sa pou detèmine pwomosyon pou pwochen klas la. Yon lèt paran ki siyen, epi ki gen dat, nesèsè pou eksplike rezon pou absans oswa reta lekòl la, pou absans lan ka motive. Nou dwe resevwa lèt la pa pi ta ke sèt jou skolè aprè absans lan. Si elèv yo absan 2 jou oswa plis, youn dèyè lòt, nou ka egzije yo prezante yon lèt doktè. Elèv ki absan plis pase 4 jou san motif nan nenpòt peryòd notasyon regilye ka pa resevwa okenn kredi sou kanè yo oubyen yo ka resevwa yon nòt echèk, selon ranman yo lekòl. Apre 3 absans san motif, yon paran/gadyen ap resevwa yon avi alekri ki prezante regleman sou afè prezans lan e nou ka mande l pou l vin nan yon konferans. 5 absans san motif ka lakòz entèkansyon Ofisye Prezans distri a epi li ka abouti a kèk konsekans ekstèn. Yon timoun ki retounen lekòl apre li te gen yon maladi atrapan dwe gen lèt yon doktè ki deklare timoun nan kapab retounen lekòl, anvan nou ka admèt li nan klas la.

**Nou atann aske tout elèv rive lekòl la ALÈ.** Elèv k ap rive anreta dwe prezante tèt yo nan biwo direksyon an, siyen e ekri rezon timoun nan anreta lekòl la. Nenpòt elèv ki anreta plis pase 3 fwa nan yon trimès pral oblije gen yon konferans paran. Epi nou kapab refere elèv k ap pede vini anreta yo bay ofisye ki an chaj zafè prezans lan. N ap make elèv k ap rive apre 11:00 dimaten yo kòm absan pou jounen an.

**Manje Lekòl yo :** N ap sèvi manje maten ak manje midi chak jou nan lekòl Curley School. Nou sèvi manje maten chak jou skolè ant 8:15 e 8:35 dimaten, epi tout elèv yo manje nan sal de klas yo. Nou ofri manje maten ak manje midi inivèsèl gratis. Tanpri gade [Kalandriye Manje Midi Lekòl Piblik Boston](#) an pou meni yo pou chak mwa.

**Pwogram Aprè-Lekòl/Anvan Lekòl :** Pwogram Apre-Lekòl Curley a (Curley After-School Program, CASP) dewoule apati 3:10 rive jiska 6:00 nan laprèmidi, chak jou ke lekòl an fonksyon. Nou pa gen okenn pwogram aprè lekòl nan twa jou kote lekòl ap lage bonè (jou anvan fèt “Thanksgiving” nan ak 2 dènye jou lekòl yo). Pwogram lan ofri sipò pou devwa, anrichisman akademik ak opòtinite lwazi chak jou. Tanpri wè avèk Direktri Pwogram Aprè Lekòl nou an, Erika Mercado, pou plis enfòmasyon oubyen kontakte l nan adrès imel : [emercado@bostonpublicschools.org](mailto:emercado@bostonpublicschools.org).

Epiou Curley ofri yon pwogram Anvan Lekòl pou elèv yo chak maten, apati 7:15 jiska 8:15, ke Erika Mercado kowòdone. Pwogram sa a founi anrichisman akademik, atistik, e sosyal pou elèv klas K1 jiska klas 5yèm, pa mwayen yon modèl "klib". Tout elèv k ap patisipe nan Pwogram Anvan Lekòl la dwe ranpli yon fòmilè enskripsyon, epi yo dwe anrejistre nan biwo prensipal la. Tanpri note ke *genyen yon frè patisipasyon*. Gen bous disponib, si sa ta nesèsè.

### **Transpòtasyon**

Depatman lekòl la bay elèv yo transpò otobis lekòl selon adrès yo. Elèv k ap pran otobis yo dwe monte otobis lekòl la chak jou. Si gen yon chanjman nan plan sa yo epi pitit ou a pa pral monte otobis lekòl la, tanpri avèti pwofesè sal de klas pitit ou a alekri. Si ou gen yon chanjman dènye minit nan plan ou epi ou pa te kapab voye yon lèt ekri, tanpri rele PA PI TA pase 1:30 nan laprèmidi pou nou kapab asire sekirite pitit ou a. San notifikasyon apwopriye, oswa alè, li ka nesèsè pou n mete pitit ou a nan otobis lekòl ki dezinye pou li a. Monte bis lekòl la se yon privilèj. Tout elèv yo dwe obeye chofè otobis la epi obsève règ sekirite ki etabli pou otobis la. Si yo pa fè sa, sa ap lakòz pèt privilèj pou yo monte otobis lekòl la, kidonk tanpri ensiste sou règ otobis lekòl yo avèk timoun ou an. Nan sèten ka yo gendwa òganize kèk lòt chwa arè otobis. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte lekòl la.

**Anilasyon Lekòl :** Detanzantan li nesèsè pou n anile lekòl pou jounen an akòz move tan oswa yon ijans lekòl la genyen. Tanpri sonje koute anons fèmti lekòl yo pou LEKÒL PIBLIK BOSTON.

**Notasyon/Kanè Nòt :** Yo bay bilten nòt yo twa fwa pa ane : an desanm/janvyè, mas ak jen. Nan klas 6yèm jiska 8yèm ane yo, pwofesè yo ap voye Rapò Pwogrè elèv yo nan mitan trimès yo. Tanpri li epi siyen rapò a, epi voye li tounen lekòl la nan lannmen. N ap mete li nan dosye pitit ou a.

**Enfòmasyon Medikal/Sante :** Yo prezève yon dosye sante pou chak timoun. Elèv ki enskri nan Lekòl Piblik Boston dwe fè yon konsiltasyon kay doktè. Lwa Massachusetts egzije tou pou pitit ou a pran tout vaksen, ankontan varisèl. Si w pa konfòme w ak lwa sa yo, sa ka mande pou n eskli w nan lekòl la. Nou gen de (2) enfimyè aplentan pami

manm pèsonèl yo ki kapab ede fanmi yo ak nenpòt bezwen medikal.

**Keilah Santana :**

[Ksantana@bostonpublicschools.org](mailto:Ksantana@bostonpublicschools.org)

**April Pumphret :**

[apumphret@bostonpublicschools.org](mailto:apumphret@bostonpublicschools.org)

Règleman Lekòl Piblik Boston yo deklare yo pa kapab bay yon elèv medikaman (ankontan ponp pou opresyon/azma) pandan jounen lekòl la san yon deklarasyon alekri yon doktè, epi se yon enfimiyè otorize ki dwe bay li. Sèl eksepsyon nan sa se yon piki epi-pen, ke yon manm pèsonèl la ki resevwa fòmasyon ka bay nan yon ka dijans. Yo dwe fè enfimiyè lekòl nou an konnen enfòmasyon sa a, ansanm ak pwofesè sal de klas la. Li rekòmande tou pou paran yo avèti pwofesè sal de klas la sou nenpòt ansyen pwoblèm sante ak pwoblèm sante aktyèl li genyen (tankou alèji, opresyon, elatriye).

Tanpri, note ke : timoun ki gen opresyon ka bay pwòp tèt yo medikaman nan inalaté pa yo si yo gen yon nòt alekri yon doktè epi yo te resevwa fòmasyon nan sa kòm sadwa. **Li trèzenpòtan pou lekòl la konnen ki moun pou l kontakte nan ka dijans. Tanpri asire w lekòl la gen yon nimewo telefòn kontak pou ijans ki ajou.**

**Règleman konsènan parazit pou :** Lekòl Curley suiv rekòmandasyon ke Depatman Enfimiyè BPS la dekri pou reponn a pwoblèm pou. Si yon pwofesè jwenn pou sou yon elèv, oswa yon paran/gadyen fè yon rapò bay lekòl la, y ap avèti enfimiyè a san pèdi tan. Enfimiyè a ap kontakte fanmi timoun nan pou enfòmè l e/oswa pataje avè l kèk rekòmandasyon pou tretman. Nou PA eskli timoun yo nan sal de klas yo, epi nou pa tcheke tèt tout elèv nan yon sal de klas la. Sepandan, yo ka voye yon avi jeneral kay fanmi timoun sal de klas sa a pou lòt paran yo ka vijilan ak pwòp pitit pa yo.

**Regleman lekòl Curley K-8 sou selebrasyon ak rekonpans :** Apati janvyè 2017, Kominote lekòl Curley K-8 la ap mete sou pye yon regleman sou Selebrasyon ak Rekonpans ki met aksan sou sante ak byenèt kominote nou an. Regleman sa a itilize kèk zouti pou sikse akademik pou rekonèt divès evènman enpòtan, konpòtman esepsyonèl, ak travay an ekip, olye pou n ta sèvi manje ak sirèt. **Pou ki rezon nou bezwen regleman sa a ?**

- Kantite elèv ki fè alèji avèk kèk manje (tankou nwa, soya, ze, et setera) ki met lavi yo an danje, ap pede ogmante, ni pami popilasyon jeneral la, ni nan lekòl Curley K-8 School la.
- Frekans obezite (moun k ap gwosi san limit) rive nan yon nivo epidemi oz Etazini.
- Lekòl yo se kote ki genyen enflimasyon estiraòdinè sou devlopman elèv yo nan sa ki gen arevwa ak abitud manje y ap adapte pou tout rès vi yo. Anseye elèv yo sou chwa manje ki bon pou sante yo se yon pati enpòtan nan edikasyon yo ki va ret avèk yo pou tout rès vi yo.
- Selebrasyon ak Rekonpans retire sou tan aprantisaj yo

### **Ki sa Lekòl Piblik Boston (BPS) di sou itilizasyon selebrasyon ak manje kòm rekonpans ?**

Regleman lekòl Curley K-8 School la sou Selebrasyon ak Rekonpans aliye avèk Regleman Lekòl Piblik Boston sou Nitrisyon nan fason l ankouraje kèk lòt altènativ pou ranmase kòb pou lekòl la ki pa gen rapò avèk manje, nan fason l ankouraje rekonpans ak ranfòsman, fèt nan lekòl yo, ak selebrasyon nan sal de klas yo pou elèv yo. Epi tou regleman BPS la kore mesaj ki osijè sante ak byenèt, ki ankouraje yon enpak pozitif sou lasante.

**Se kòman n ap abòde sa nan lekòl Curley K-8 ? Selebrasyon yo** – nan lekòl Curley K-8 School, n ap rekonèt (jou fèt, jou anivèsè, fen ane skolè a, et setera) san manje/san sirèt nan sal de klas yo, tanpri pale avèk pwofesè elèv ou a pou n konn kòman n ap selebre jou anivèsè yo.

Nan kèk okazyon ra, pwofesè yo/sal de klas yo ka chwazi fè fèt nan sal de klas yo pou rekonèt yon jou fèt espesyal, pou fè yon konbit manje, et setera. Evènman sa yo sèvi kòm moman opòten pou n montre elèv nou yo kèk abitud manje k ap bon pou sante yo ; nou sijere yo pote kèk manje pou yo pataje, tankou legim ak fwi.

**Rekonpans Elèv** - Nan lekòl Curley K-8 la, n ap onore bonjan konpòtman ak/oswa travay an ekip san manje/san sirèt.

*Kominote lekòl Curley K-8 la kapab santi, avèk anpil konviksyon, ke lòske nou suiv regleman sa a, se kominote nou n ap pran swen, n ap ankouraje bon abitud pou mentni bon sante, epi n ap leve reyisit elèv yo byen wo !*

**Regleman sou Tanperati Deyò a:** Annakò ak rekòmandasyon Depatman Swen Enfimiyè BPS yo ak estanda akreditasyon NAEYC yo, lekòl Curley

defini kritè annapre la yo pou jwe anplennè, avèk itilizasyon “Child Care Weather Watch” kòm yon gid. Elèv yo ap soti deyò pou rekreyasyon ak edikasyon fizik, nenpòt lè sa posib. Sèl eksepsyon ki gen nan sa se :

- Lapli k ap tonbe byen fò, zèklè, oswa lagrèl
- Glas ki kouvri majorite estrikti lakou rekreyasyon an/jwèt yo
- Tanperati frèt ki pi ba pase 30 degre ak yon vitès van 15 milalè oswa pi plis
- Tanperati cho ki depase 90 degre ak yon imidite relatif de 60 oswa pi wo.

Elèv yo KA ale deyò lè lanèj, toutotan gen yon espas yo netwaye ki sifi pou yo jwe.

Tout pwofesè yo ankouraje elèv yo pou yo abiye yon fason ki apwopriye pou jwèt ak aktivite k ap fèt anplennè. Sizoka yo pa abiye kòm sadwa, n ap fè yo rete anndan pou asire sante yo ak sekirite yo. Nou P AP fè tout klas la rete andedan akòz kèk elèv ki pa abiye kòm sadwa. Sepandan, lekòl Curley dwe toujou asire gen ase siveyans tout kote, toutan. Sizoka gen kapasite limite pou manm pèsònèl yo fè siveyans, yo ka oblije fè yon eksepsyon nan règleman anwo a.

**Pratik Enklizyon :** Lekòl Curley gen yon popilasyon divès. Nou akeyi tout elèv ki nan kominote nou an epi nou gen kèk pwogram byen presi ki ede plizyè kalite elèv. Pou asire tout elèv yo kapab gen aksè nan pwogram etid la e reyisi, Curley itilize divès kalite estrateji ki gen ladan l ansèyman diferansye ak deziyasyon estratejik manm pèsònèl adilt yo pou soutni e stimile elèv k ap aprann yo nan divès fason pèsonalize. Anplis, lekòl Curley sèvi avèk plizyè kalite zouti pou ede elèv yo jwenn aksè nan pwogram nan e kontwole konpòtman yo, pami yo : jwèt yo kab manipile avèk men yo, jilè pwa, kousen chèz espesyal, elatriye. Si pwofesè sal de klas ou a ap itilize kèk nan resous sa yo avèk timoun ou an, li pral kominike sa ba ou pou asire yon kontinyite e pwofite de reyisit ou yo.

### **Sipò ak Responsablite Konpòtman Pozitif :**

Manm pèsònèl lekòl Curley angaje pou devlope yon klima lekòl ki san danje e ki favorab, nan fason yo abòde konpòtman elèv yo atravè mwayen ki jis e pozitif, annakò avèk twa prensip fondamantal nou

yo : Nou SOUSYE De Tèt Nou, Nou SOUYE Youn Pou Lòt, Nou SOUSYE de Lekòl Nou an. Nan lekòl Curley, nou itilize estrikti Entèvansyon ak Sipò Konpòtman Pozitif la (PBIS) pou n toujou kominike atant nou pou konpòtman elèv yo, nou selebre siksès elèv yo nan sal de klas yo ak nan kominote lekòl nou an, epi elèv yo gen responsablite pou yo suiv prensip fondamantal nou yo. Pou soutni estrikti sa a, nou aplike yon pwogram sosyal-emosyonèl lekòl la ki entegre divès pratik pou anseye elèv yo toutaklè abilte ak estrateji ki nesèsè pou soutni devlopman sosyal-emosyonèl yo ak pou ankouraje respè pou diferans ki egziste pami divès moun.

Tanpri note ke pafwa lè yon timoun ap pase yon moman trè difisil nan klas, nou ka mande yon manm Ekip Lidèchip Lekòl la pou vini nan sal de klas la pou ba l sipò. Pafwa sipò sa a fèt dirèkteman nan sal de klas la oswa nan yon koulwa ki toupre. Sizoka yon timoun pa kapab retounen nan sal de klas la, yo ka akonpaye li nan yon sal de klas zanmi pou li pran yon ti repo, sou siveyans, pou l angaje nan aktivite pou kalme li, reflechi, epi travay sou konpetans ki pou soutni preparasyon l pou sal de klas la. Tanpri, note ke objektif prensipal nou se pou tout timoun yo prezan nan anviwònman aprantisaj la pandan pifò jounen an, otank posib. Anplis, tout règleman nou aplike yo annakò ak Kòd Konduit BPS la. Pou fini, tanpri sonje TOUT anplwaye Curley yo se rapòtè obligatwa. Sizoka yon timoun rapòtè yon bagay bay yon manm nan pèsònèl Curley konsènan sekirite pèsònèl li andedan oswa andeyò lekòl la, nou ka gen obligasyon pou n rapòtè enfòmasyon sa yo.

**Entimidasyon :** Curley suiv règleman BPS la sou entimidasyon. Entimidasyon defini kòm menas fizik, vèbal, relasyonèl oswa sou entènèt, ki plede enpoze nan yon relasyon kote l sanble ke pouwva ant de (2) pati yo pa byen ekilibre. Si yon paran, yon timoun oswa yon pwofesè rapòtè yon posiblite sitiyan entimidasyon, pwofesè Curley yo gen obligasyon pou rapòtè sa bay anplwaye administrasyon/konsèy lekòl la. Y ap mennen ankèt sou ensidan an epi rapòtè li bay distri a, epi y ap fè paran yo konnen ki mezi yo te pran. Y ap respekte konfidansyalite (vi prive) elèv yo ak fanmi yo. Paran yo ka chwazi tou pou yo rapòtè yon ensidan entimidasyon yo sispèk, atravè Liy Dirèk BPS la pou Entimidasyon : 617-592-2378.

**Règleman sou Telefòn Selilè :** Tanpri note ke lekòl Curley suiv règleman BPS la konsènan itilizasyon telefòn selilè nan lekòl yo. Menmsi nou pa ankouraje fanmi yo voye timoun yo avèk telefòn, nou konprann li nesèsè pafwa pou kominikasyon anvan oswa apre jounen lekòl la. Elèv yo dwe remèt telefòn selilè pèsònèl yo bay pwofesè sal de klas la nan kòmansman jounen an epi yo dwe remèt elèv yo telefòn yo nan fen jounen lekòl la epi/oswa kite yo etenn nan sak liv (valiz lekòl) elèv yo pandan tout jounen an. *Elèv yo pa dwe ap tilize telefòn selilè pèsònèl yo, ni kenbe yo nan biwo yo, ni pote yo avèk yo pandan okenn peryòd nan jounen skolè a.* N ap mande pou elèv ki vyole règleman sa a remèt yo bay pwofesè sal de klas la epi n ap kontakte paran yo. Si yon timoun kontinye vyole règleman an, li ka sibi mezi disiplinè. Nou apresye sipò ou ak kowoperasyon ou konsènan règleman sa a.

**Teknoloji :** Lekòl Curley founi divès teknoloji bay elèv yo, pami yo : òdinatè Google Chromebook, Smart Board, ak iPad nan sal de klas yo pou elimine kèk anpechman e ede tout elèv k ap aprann yo jwenn aksè nan nòm ak pwogram etid solid, grasa prensip « konsepsyon inivèsèl pou aprann » nan ("Universal Design for Learning", UDL). Nan klas primè yo, elèv yo itilize teknoloji an jeneral pandan peryòd sant (« center time ») pou ranfòse divès konsèp debaz oswa pou divès akomodasyon. Nan klas siperyè yo, elèv yo gen aksè nan teknoloji pou soutni aprantisaj yo nan matyè yo, tankou itilizasyon Google Classroom ak aplikasyon (lojisyèl) sipò Google yo.

Tanpri note ke BPS te adopte teknoloji Google toupatou nan vil la kòm sistèm enfòmasyon prensipal nou pou elèv yo ak manm pèsònèl yo. Sa vle di distri a bay TOUT elèv BPS yon adrès imèl lè yo enskri. Antanke lekòl, nou aktive e sèvi avèk adrès imèl elèv pou elèv sila yo ki nan klas jadendanfan K jiska klas 8yèm ane, pou pèmèt yo jwenn aksè nan aplikasyon Google yo. Paran timoun ki nan klas sa yo ap resevwa notifikasyon alekri sou sa, k ap gen ladan l non itilizatè ak modpas patikilye timoun nan.

Lekòl Piblik Boston yo gen yon kanpay sekirite sibènètik tou ("Cyber Safety Campaign") ki pale sou fason ou kapab ede pitit ou lakay ou avèk itilizasyon imèl san danje : (<http://>

[www.bpscybersafety.org/fresources/email.html](http://www.bpscybersafety.org/fresources/email.html)). Yon lòt gwo resous BPS rekòmande se [www.common sense media.org](http://www.common sense media.org) (enskripsyon gratis obligatwa). N ap kontwòle aktivite elèv yo nan lekòl la, men li enpòtan pou fanmi yo konnen e kontwòle aktivite timoun yo sou entènèt, sa gen ladan l tou itilizasyon imèl nan kay la.

**Devwa Kay :** Devwa se yon pati entegral nan pwosesis aprantisaj kontinyèl la, epi nou kreye yon règleman avèk patisipasyon fanmi yo ak pwofesè yo. Règleman sa a pral regilye pou tout kategori klas (K-2yèm ane, 3yèm a 5yèm ane ak 6yèm a 8yèm ane). Ekip diferan nivo klas yo ap gen yon plan regilye pou distribisyon, koleksyon, ak kontni devwa yo.

**Kwayans osijè devwa :**

- Devwa yo dwe anrapò avèk konpetans ak kapasite ki te devlope pandan jounen/semèn lekòl la.
- Lide santral la sèke etid lakay ankouraje koperasyon ant lakay ak lekòl, li ranfòse kontni ki anseye yo, epi l enkilke nan elèv yo fonksyonman egzekitif, abilte pou yo jere tan yo, ak responsablite.
- Devwa pa dwe janm lakòz enkyetid ni gwo nivo fristrasyon pou elèv yo. Si timoun ou an ap kriye pandan l ap fè devwa l akòz nivo difikilte a, tanpri voye yon nòt, rele, oswa voye yon imèl bay pwofesè a.

*Anba a se règleman an pou chak gwoup klas :*

- Elèv ki nan Klas K2 jiska klas 2yèm ane ap gen 15 minit lekti chak swa ak yon lòt 15 minit Matematik oswa ELA (gramè/literati angle). Sa pral bay yon maksimòm 30 minit devwa antou chak swa. Yo pral ankouraje lekti lè wikenn.
- Elèv ki nan Klas 3yèm jiska 5yèm ane ap gen 15 minit lekti chak swa ak yon lòt 15 minit Matematik, ELA ak/oswa Syans. Sa pral bay yon maksimòm 45 minit devwa antou chak swa. Lekti lè wikenn ap obligatwa.
- Elèv ki nan Klas 6yèm jiska 8yèm ane ap gen 20 a 30 minit lekti chak swa ak yon lòt 30 a 40 minit Matematik, ELA, Syans sosyal ak/oswa Syans. Sa pral bay yon maksimòm 60 minit devwa antou chak swa. Lekti lè wikenn ap obligatwa, epi ka gen travay

pwojè alontèm ki dwe fèt nan wikenn yo tou.

*Devwa pou Vakans :*

- Elèv yo p ap gen devwa obligatwa pandan vakans desanm, fevriye, ni avril. Si nou voye travay ba yo pou yo fè lakay yo, n ap konsidere li kòm kredi sipleman pou peryòd la (trimès la). Sepandan ap genyen lekti ete obligatwa pou tout elèv pou klas K jiska 8yèm ane an jiyè ak out.

*Gid pou Paran yo :*

- Fè devwa vin yon priyorite.
- Montre yon enterè aktif nan sa pitit ou a ap fè.
- Founi yon plas trankil kote pitit ou a kapab fè devwa l.
- Asire ke pitit ou a soumèt devwa lakay li atan.
- Gide l e sipèvizè l, men pa fè devwa yo pou pitit ou.
- Ankouraje kèk vizit nan bibliyotèk.
- Li awotvwa pou pitit ou yo, epi fè timoun ki pi gran yo fè lekti pou sa ki pi piti yo.
- Fè timoun ou fè ekilib ant devwa li, aktivite fizik, ak lwazi.

**Konferans Paran/Pwofesè :** Yo atann pou tout paran vini nan Jounen Pòt Louvri an, **jou 30 septanm apati 5:00 nan laprèmidi jiska 7:00 diswa** pou rankontre pwofesè timoun yo epi tande regleman ak pwosedi enpòtan pou sal de klas yo. Konferans fanmi endividyèl yo ap fèt sou randevou nan fen mwa desanm jiska janvyè. Pou nenpòt lòt konferans anplis, fanmi yo kapab mande pwofesè pitit yo a. Konferans patikilye yo kapab fèt an pèsòn, sou ZOOM, oswa nan telefòn, selon preferans fanmi yo. Nenpòt timoun ki p ap fè pwogrè, pwofesè li ap kontakte l pou pwograme kèk konferans an fanmi patikilye anplis.

**Pwogram Ete :** Chak ete BPS ofri yon seri pwogram, ni akademik ni anrichisman, pou elèv ki nan klas K0 jiska klas 8yèm ane. Konseye pedagojik nou yo ap voye enfòmasyon sou posiblite pwogram dete yo nan distri a ak ozalantou distri a nan kòmansman sezon prentan an. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite aprantisaj dete yo, tanpri kontakte

**Cristina Silva - Klas K jiska 2yèm ane :**

[csilva4@bostonpublicschools.org](mailto:csilva4@bostonpublicschools.org)

**Justina Levey - Klas 3yèm jiska 5yèm ane :**

[jlevey@bostonpublicschools.org](mailto:jlevey@bostonpublicschools.org)

**Sugeily Santos - Klas 6yèm jiska 8yèm ane :**

[ssantos2@bostonpublicschools.org](mailto:ssantos2@bostonpublicschools.org)

**Konsèy Paran Lekòl (School Parent Council, SPC) :**

Konsèy Paran Lekòl Curley a travay avèk Direktè a pou konstwi yon kominote lekòl enklizif, soutni evènman nan tout lekòl la epi kolekte lajan pou priyorite lekòl la ke Konsèy Lokal Lekòl la dekri. Konsèy la rankontre chak mwa. Dat yo ak lè yo varye. **Tout paran yo se manm SPC a otomatikman, e nou ankouraje yo vin ladan l.**

**Konsèy Lokal Lekòl (School Site Council, SSC) :**

Konsèy Lokal Lekòl (SSC) gen ladan l paran, pwofesè, ak direktè lekòl la. Wòl ekip la se jere operasyon (fonksyonman) lekòl la, ki gen ladan l : apwobasyon bidjè lekòl la, etablisman regleman yo, ak etablisman patnè kominotè/inivèsite yo. Eleksyon pou reprezantan Konsèy Lokal Lekòl la ak manm Konsèy Paran an te fèt nan mwa jen 2021 pou nou te ka derape.

Èske w gen kesyon sou Konsèy Paran Lekòl la (SPC) ak Konsèy Lokal Lekòl la (SSC) ? Èske w ap poze tèt ou kesyon : ki lè/ki jan ou ka patisipe ? Tanpri kontakte Tri-Prezidan SPC nou yo : Keeana Saxon, Jess Ortham ak Abe Ahumada, nan imel : [spc@curleyk8.com](mailto:spc@curleyk8.com).

**Volontè Paran/Gadyen legal :** Yo ankouraje moun fè volontè nan lekòl Curley e nou toujou bezwen yo. Nou rekonèt gen plizyè fason paran yo kontribye nan kominote nou an. Kèk ladan yo enkli :

- Volontè Anvan/Apre-lekòl
- Volontè nan Sal manje midi/Lakou lekòl
- Volontè nan Sal de klas
- Siveyan Gwoup Pwomnad
- Tradiksyon Oral/Ekri
- Ak PLIS LÒT BAGAY TOUJOU !!!!

Pou rezon sekirite, paran yo/gadyen yo dwe sibi e pase yon verifikasyon istwa pase CORI/SORI anvan yo kapab sèvi kòm volontè.

**Liv lekòl :** Nou prete elèv yo manyèl ak lòt liv lekòl gratis. Yo dwe trete liv yo avèk anpil swen epi remèt yo bay lekòl la an bon eta. L ap responsabilite paran yo pou yo peye pou liv ki pèdi e ki andomaje.



**Pwomnad :** Ap gen posibilite pou elèv yo patisipe nan kèk aktivite andeyò lekòl la. Nan ka sa, paran yo dwe li e siyen yon fich otorizasyon detaye. Nou p ap pèmèt okenn elèv patisipe nan yon pwomnad san swa yon fich otorizasyon ki siyen oswa yon konsiltasyon ajou. Apèl nan telefòn oswa mesaj tèks pa yon ranplasman ki akseptab pou yon fich otorizasyon ki siyen. Paran/gadyen/manm fanmi ki vle sipèvizè yon gwoup pwomnad DWE sibi epi pase fòm CORI/SORI a epi yo dwe gen omwen laj 18 an.

**Enfòmasyon pou Ijans :** Nou mentni yon dosye ijans konfidansyèl (prive) pou chak elèv. Li enpòtan pou lekòl la gen yon nimewo telefòn valab pou chak timoun, ansanm ak non ak nimewo telefòn omwen

yon lòt granmoun responsab ke l ka kontakte nan ka dijans.

- Ou kapab jwenn Gid Fanmi BPS la ansanm ak divilgasyon medya, sou sit entènèt : <https://www.bostonpublicschools.org/familyguide>
- Ou kapab ranpli Fòmilè akò paran ak elèv la, ki genyen ladan l medya, sou sit entènèt : [BPS Emergency Contact \(Kontak Ijans BPS\)](#). La ou kapab mete enfòmasyon kontak ou ajou tou. Yon lòt fwa ankò, enfòmasyon kontak ap esansyèl nan moman sa a.

**Liyezon Fanmi :** Fanmi yo kapab kontakte liyezon fanmi nou an, Veronica Robson, a nenpòt moman, nan adrès imel : [vrobson@bostonpublicschools.org](mailto:vrobson@bostonpublicschools.org).

## KONTRA KOMINOTE CURLEY

### **ELÈV, FANMI, PWOFESE, AK ADMINISTRATÈ AP TRAVAY ANSANM**

NOU SOUSYE DE TÈT NOU, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN #CURLEYCARES

ANTANKE YON ELÈV LEKÒL CURLEY :

- **M** AP RESPEKTE ATANT YO POU M KONTRIBYE NAN DEVLOPMAN YON KILTI KONPASYON; *NOU SOUSYE DE TÈT NOU, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- **M** AP VINI LEKÒL REGILYÈMAN, RIVE ALÈ, EPI VIN TOU PARE POU M APRANN.
- **M** AP KWÈ KE MWEN KA REYISI E M AP FIKSE KÈK GWO ATANT POU TÈT MWEN.
- **M** AP ANGAJE AKTIVMAN NAN PWOSESIS APRANTISAJ LA ; M AP TOUJOU AP ESEYE TOUT SA MWEN KAPAB EPI ANKOURAJE KAMARAD KLAS MWEN YO FÈ MENM JAN.

ANTANKE YON MANM FANMI/GADYEN LEKÒL CURLEY :

- **POU** M KONTRIBYE NAN DEVLOPMAN YON KILTI KONPASYON, M AP RESPEKTE ATANT YO : *NOU SOUSYE DE TÈT NOU, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- **ASIRE** PITIT MWEN AN VINI LEKÒL REGILYÈMAN, RIVE ALÈ, EPI VIN TOU PARE POU L APRANN.
- **MWEN** PRAL KOMINIKE KONVIKSyon MWEN KE PITIT MWEN AN AP REYISI EPI FIKSE KÈK GWO ATANT POU SOUTNI APRANTISAJ PITIT MWEN AN.
- **MWEN** PRAL ETABLI PATENARYA AVÈK PWOFESE YO AK ADMINISTRATÈ YO POU M KONPRANN OBJEKTIF APRANTISAJ YO NAN TOUT LEKÒL LA AK SOU NIVO KLAS LA POU M KONPRANN KI JAN MWEN KA SOUTNI APRANTISAJ LA LAKAY MWEN.

ANTANKE PWOFESE LEKÒL CURLEY :

- **POU** M KONTRIBYE NAN DEVLOPMAN YON KILTI KONPASYON, M AP RESPEKTE ATANT YO : *NOU SOUSYE DE TÈT NOU, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- **M** AP ANGAJE NAN KOMINOTE CURLEY A EPI ADOPTE DIVÈS INISYATIV NAN TOUT LEKÒL LA.
- **M** AP FIKSE KÈK GWO ATANT POU TOUT MOUN EPI KWÈ KE TOUT ELÈV YO PRAL REYISI.
- **MWEN** PRAL TRAVAY KÒM PATNÈ AVÈK FANMI YO NAN EDIKASYON PITIT YO.

ANTANKE YON ADMINISTRATÈ CURLEY :

- POU M KONTRIBYE NAN DEVLOPMAN YON KILTI KONPASYON, M AP RESPEKTE ATANT YO : *NOU SOUSYE DE TÈT NOU, NOU SOUSYE YOUN POU LÒT, NOU SOUSYE DE LEKÒL NOU AN.*
- M AP FIKSE GWO ATANT POU TOUT ELÈV, FANMI, PWOFESE AK ADMINISTRASYON AK PATNÈ NAN KOMINOTE A.
- M AP ANKOURAJE YON ANVIWÒNMAN ENKLISIF KI SELEBRE DIFERANS KI EGZISTE PAMI ELÈV YO AK NAN FANMI YO.
- M AP BAY FANMI YO BON POSIBLITE POU YO BAY PATISIPAYON YO NAN LEKÒL LA AK NAN EDIKASYON PITIT YO.

*TANPRI SIYEN NON W ANBA LA A KÒM PRÈV OU DAKÒ AVÈK KONTRA SA A.*

---

*ELÈV LEKÒL CURLEY A*

---

*MANM FANMI LEKÒL CURLEY A*

---

*PWOFESE LEKÒL CURLEY A*

---

*KATHERINE GRASSA*  
*ADMINISTRATÈ LEKÒL CURLEY A*